

## Langaj Manyèl Senior Health Partners, Plan Swen Kontwole Alontèm Medicaid

### Evalyatè Endepandan New York - Pwosesis Evalyasyon Inisyal

Apati 16 me 2022, Sant Evalyasyon ak Enskripsyon San Konfli a (CFEEC) pral vin Evalyatè Endepandan New York (New York Independent Assessor, NYIA). NYIA pral jere pwosesis evalyasyon inisyal la, eksepte premye evalyasyon rapid yo, ki pral kòmanse 1ye jiyè 2022. Pwosesis evalyasyon inisyal la gen ladann ranpli:

- *Evalyasyon Sante Kominotè (CHA)*: Yo itilize CHA pou wè si w bezwen swen pèsònèl ak/oswa sèvis asistans pèsònèl ki dirije (PCS/CDPAS) epi w kalifye pou w enskri nan yon plan Swen Kontwole Alontèm.
- *Randevou klinik ak Lòd Praktisyen (PO)*: PO a dokimante randevou klinik ou a epi li endike ke ou:
  - gen yon bezwen pou èd ak aktivite chak jou, e
  - ke kondisyon medikal ou stab pou ou ka resevwa PCS ak/oswa CDPAS lakay ou.

NYIA pral pran randevou pou CHA ak randevou klinik. Se yon enfimiyè otorize ki resevwa fòmasyon (RN) ki pral ranpli CHA a. Apre CHA a, yon klinisyen nan NYIA pral ranpli yon randevou klinik ak PO kèk jou apre.

Senior Health Partners pral sèvi ak rezilta CHA ak PO yo pou wè ki kalite èd ou bezwen epi kreye plan swen ou a. Si plan swen w lan pwopoze PCS ak/oswa CDPAS pou plis pase 12 èdtan pa jou an mwayèn, y ap bezwen yon revizyon apa pa Komite Revizyon Endepandan NYIA (Independent Review Panel, IRP). IRP a se yon panèl pwofesyonèl medikal ki pral revize plan swen CHA, PO, ou a ak nenpòt lòt dokiman medikal. Si w bezwen plis enfòmasyon, yon moun nan panèl la ka egzamine w oswa diskite sou bezwen w yo avèk ou. IRP a pral fè yon rekòmandasyon bay Senior Health Partners pou konnen si plan swen an satisfè bezwen ou yo.

Konpayi ki bay kouvèti yo se Healthfirst Health Plan, Inc., Healthfirst PHSP, Inc., ak/oswa Healthfirst Insurance Company, Inc. (ansanm, "Healthfirst"). Kouvèti pou Senior Health Partners, Plan Administre sou Lontèm, se Healthfirst PHSP, Inc. ki bay. Healthfirst konfòm ak lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo e li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks. ATTENTION: If you speak English, language assistance services, free of charge, are available to you. Call 1-866-305-0408 (TTY 1-888-542-3821).

© 2022 HF Management Services, LLC

0471-22\_HC

SHP22\_34 NYSDOH Approved on 05/05/2022